# Shotokan karate-do boyınsha ótkerilgen Ózbekstan kubogı jarıslarında Qaraqalpaqstan Respublikası komandalıq esapta 2-orındı iyeledi

Usı jıldıń 17-19-noyabr kúnleri Tashkent wálayatı Qıbray rayonındag‘ı balalar hám jas óspirimler sport mektebinde shotokan karate-do boyınsha barlıq jas kategoriyaları arasında Ózbekstan kubogı ótkerildi.

Image not found or type unknown

Ózbekstan kubogı jarıslarında Ózbekstannıń barlıq aymaqlarınan 500 ge shamalas sportshılar kata, kumite, komandalıq kata hám komandalıq kumite boyınsha jeńimpazlıq ushın jarısqa tústi.

Jarıs juwmaqlarına muwapıq, ulıwma komandalıq esapta 1-orındı Tashkent qalası komandası iyelep, Ózbekstan kubogın qolg‘a kirgizgen bolsa, 2-orın Qaraqalpaqstan Respublikası komandasına nesip etti. Namangan wálayatı komandası kúshli úshlikti juwmaqladı.

Jeńimpazlar hám sıylı orın iyeleri diplom hám medallar menen sıylıqlandı.

Qaraqalpaqstan xabar agentligi